



Kesyon LS&W pou elèv evalye tèt li - Klas 3zyèm ane – 12zyèm ane

Enskriksyon pou Elèv:

1. Jodia, n'ap kolekte enfòmasyon kouman ou pran desizyon, kominike ak lòt moun nan lantouraj ou, epi fason ou apwoche tach eskolè ak devwa lekòl ou. Sa va ede-nou vin pwofesè ak aprenan pi efikas. Yon fwa ou kòmanse, egzèsis la va pran apeprè 15 minit pou konplete.
2. Se pa yon ekzamen. Pa gen bon oswa move repons. Annoken fason ou pap echwe oswa obteni yon gwo nòt nan egzèsis sa. Senpleman reponn kesyon yo yon fason onnèt, jan ou kapab.
3. Gen 45 deklarasyon nan egzèsis sa. Pou chak deklarasyon nou va mande ou si ou dakò oswa pa dakò ak deklarasyon sa. Pou chak repons ou gen senk opsyon. Tanpri koute ak anpil atansyon pandan m'ap esplike senk opsyon yo. Tanpri poze kesyon nenpòt lè si pandan m'ap pale yon bagay bouye ou.
4. Egzanp, yon deklarasyon ka di: "Se fasil pou m koute sa pwofesè mwen ap di nan klas-la"
5. Ou gen senk opsyon pou chak repons. Si deklarasyon sa dekri fason ou ase byen, ou ka di nan ka sa, "Mwen dakò." Si ou kwè deklarasyon sa dekri ou trè byen, ou ka di, "Mwen dakò sanpousan." Si deklarasyon an pa dekri ou—si, paekzanp, gendefwa ou distrè epi ou pa ka fokis sou sa pwofesè ou ap di, —ou ka di, "Mwen pa dakò." Si ou kwè sa pa fasil pou ou koute ditou sa pwofesè ou ap di, ou ka di, "Mwen pa dakò ditou." Si ou kwè pou deklarasyon sa ou ka plase ou nan mitan epi ou pa ka reponn yon fason pozitif oswa negativ, alò ou ka di ou "m pouryen" pou kesyon sa —, ou pa ni dakò ni pa dakò.
6. N'ap repete ankò, pou chak deklarasyon ou gen senk repons posib: sanpousan dakò, dakò, pa dakò, pa dakò ditou, oswa m pouryen.
7. Pa gen bon repons ni move repons nan egzèsis sa. Reponn chak deklarasyon ak onnektete epi selon pèspektiv pa ou, reponn selon sa ou panse. Se sa ki pi enpòtan

Strongly Disagree	Disagree	Neutral	Agree	Strongly Agree
Pa dakò ditou	Pa dakò	M Pouryen	Dakò	Sanpousan dakò
1	2	3	4	5



Kesyon LS&W Elèv Evalye Tèt li Klas 3-5

1. Mwen rete kalm epi fokis lè m'ap fè devwa mwen.
2. Mwen gen anpil bèl lide.
3. Lè mwen gen yon pwoblèm lekòl, se fasil pou m konprann sa pou m fè.
4. Mwen reflechi byen anvan mwen aji.
5. Mwen ka fokis (konsantre) nan klas pandan yon bon bout tan.
6. Mwen konpòte mwen byen lekòl.
7. Lè mwen kontan, mwen konn kouman pou m rete chita epi koute.
8. Lè yon bagay kontrarye mwen, mwen fè atansyon a sa m ap di oswa fè.
9. Lè yon lòt timoun kontrarye, mwen ka konprann santiman li.
10. Mwen evite tout kondwit ki ka fè lòt moun mal.
11. Mwen gen yon bon lide sa lòt moun ka resanti, esperyans yo ka fè.
12. Mwen se yon bon manb yon ekip.
13. Pwofesè mwen toujou di mwen pran bon desizyon
14. Mwen pran sekirite plis oserye pase lòt timoun nan klas mwen.
15. Mwen ka kontwole tèt mwen pandan yon tès oswa ekzamen.
16. Mwen konn jan pou konpòte mwen nan pifò sitiyasyon.
17. Mwen kwè nan tèt mwen mwen ka fè fas a pwoblèm nan lavi mwen.
18. Mwen renmen tèt mwen sa mwen ye antanke moun.
19. Pwofesè mwen dekri mwen kòm yon moun ki renmen ede, ki sévyab.
20. Mwen mande éd lè mwen bezwen éd.
21. Mwen ka di lè mwen fè yon moun mal.
22. Mwen ka di yon moun anwiye lè map pale avèk li.
23. Mwen konn kijan pou m rete diskisyon ak lòt timoun anvan yon sitiyasyon gate.
24. Mwen ka kalme mwen si mwen gen estrès nan lekòl-la.
25. Mwen antann mwen byen ak lòt timoun.
26. Mwen va kontan epi m'ap reyisi nan lavi.
27. M mande padon si mwen fè yon moun mal.
28. Mwen aprann nouvo bagay fasilman.
29. Mwen ka kontwole emosyon mwen.
30. Mwen renmen pratike nouvo bagay mwen aprann.
31. Pwofesè mwen panse mwen byenelve.
32. Sa anbete mwen anpil lè lòt timoun pa respekte regleman.
33. Mwen konn kijan pou mwen dekri klèman lide mwen.
34. Mwen evite fè zak ki danjere.
35. Mwen konn kijan pwofesè mwen atann aske mwen konpòte mwen.
36. Mwen reflechi byen sou tout opsyon ki disponib anvan mwen pran yon desizyon.
37. Mwen gen anpil lapenn pou timoun ki tris oswa pa kontan osijè yon bagay.



38. M gen konfyans nan tèt mwen mwen ka fè sa yo mande m fè lekòl.
39. Mwen konprann vit santiman lòt timoun.
40. Mwen fè atansyon anpil jan mwen aji lè mwen fache oswa boulvèse.
41. Lè mwen santi mwen tris oswa fache, mwen konprann rezon ki fè mwen santi mwen konsa.
42. Mwen koute ak anpil atansyon lè pwofesè mwen esplike yon leson nan klas la.
43. Mwen ka kontribye anpil nan klas la.
44. Mwen koute byen.
45. Mwen travay byen ak lòt elèv-yo.



Kesyon LS&W Elèv Evalye tèt li Klas 6-8

1. Lè lòt timoun kontrarye, mwen ka konprann rezon ki fè yo santi yo konsa.
2. Mwen konprann vit santiman lòt timoun.
3. Mwen koute byen.
4. Pwofesè mwen toujou di mwen pran bon desizyon.
5. Mwen reziste anba presyon lòt kamarad mwen.
6. Mwen konn kijan pwofesè mwen atann aske mwen konpòte mwen.
7. Mwen evite fè zak ki danjere.
8. Mwen reflechi byen sou konsekans anvan mwen deside sa pou m fè.
9. Pwofesè mwen panse mwen byenelve.
10. Mwen ede timoun ki mande mwen ede-yo nan lekòl-la.
11. Mwen travay byen ak lòt elèv-yo.
12. Mwen ka foki (konsantre) nan klas pandan yon bon bout tan.
13. Mwen fè atansyon a tout ti detay nan devwa mwen.
14. Lè mwen santi mwen tris oswa fache, mwen konprann rezon ki fè m santi mwen konsa.
15. Mwen ka konprann sitiyasyon konplike.
16. Mwen rete kalm lè mwen gen yon pwoblèm ki difisil pou rezoud.
17. Sa anbete mwen si youn nan zanmi mwen boulvèse, kontrarye.
18. M gen konfyans nan tèt mwen mwen ka fè sa yo mande m fè lekòl.
19. Lè mwen gen yon pwoblèm lekòl, se fasil pou m konprann sa pou m fè.
20. Mwen reflechi pou wè si yon konpòtman san danje anvan mwen deside adopte konpòtman an.
21. Mwen konn kijan pou m rete diskisyon ak lòt timoun anvan yon sitiyasyon gate.
22. Mwen ka kalme mwen si mwen gen estrès nan lekòl-la.
23. Mwen antann mwen byen ak lòt timoun.
24. Lè yon bagay kontrarye mwen, mwen fè atansyon a sa m ap di oswa fè.
25. Mwen konn jan pou konpòte mwen nan pifò sitiyasyon.
26. Mwen koute ak anpil atansyon lè pwofesè mwen esplike yon leson nan klas la.
27. Mwen konpòte mwen byen lekòl.
28. Mwen se yon bon manb yon ekip.
29. Lekòl, mwen ka travay byen si mwen mete tèt mwen anplas.
30. Mwen ka kontwole emosyon mwen.
31. Mwen aprann nouvo bagay fasilman.
32. Mwen gen yon bon lide sa lòt moun ka resanti.
33. Mwen fè atansyon anpil jan mwen aji lè mwen fache oswa boulvèse.
34. Mwen reflechi byen anvan mwen pran yon desizyon enpòtan.
35. Mwen panse a lavni mwen ak antouzyas.
36. Mwen gen anpil lapenn pou timoun ki tris oswa pa kontan osijè yon bagay, yon sitiyasyon.
37. Mwen ka kontwole tèt mwen pandan yon tès oswa ekzamen.



38. M mande padon si mwen fè yon moun mal.
39. Mwen konnen sa pou m fè si mwen gen estrès oswa nève nan lekòl-la.
40. Mwen ka kontribye anpil nan klas la.
41. M fè efò pou mwen pa pran menm move desizyon de fwa.
42. Mwen gen konfyans nan tèt mwen mwen ka fè fas ak pwoblèm nan lavi mwen.
43. Pwofesè mwen dekri mwen kòm yon moun ki renmen ede.
44. Lè mwen tris oswa fache, mwen pa kite emosyon mwen enfliyanse konpòtman mwen.
45. Lè zanmi mwen tris, mwen eseye fè yo gen ké kontan.



Kesyon LS&W Elèv Evalye tèt li Klas 9-12

1. Mwen konnen kijan pou m rete diskisyon lè sitiyasyon vin san kontwòl.
2. Mwen konprann vit sa lòt moun resanti.
3. Mwen konsyan de emosyon mwen.
4. Mwen ka kontribye anpil nan klas mwen.
5. Mwen rete fokis (konsantre) nan klas la menmsi mwen chaje ak pwoblèm.
6. Mwen aprann nouvo bagay fasilman.
7. Mwen reflechi byen sou konsekans anvan mwen deside sa pou m fè.
8. Sa anbete mwen si youn nan zanmi mwen boulvèse, kontrarye.
9. Sa anbete mwen lè lòt moun aji yon fason ki pa bon oswa pa moral.
10. Mwen ka kalme mwen si mwen gen estrès nan lekòl-la.
11. Mwen antann mwen byen ak lòt moun.
12. Mwen evite fè zak ki danjere.
13. Mwen koute byen.
14. Pwofesè mwen toujou di mwen pran bon desizyon.
15. Lè mwen gen yon pwoblèm lekòl, se fasil pou m konprann sa pou m fè.
16. Pwofesè mwen dekri mwen kòm yon moun ki renmen ede, ki sèvyab.
17. Mwen ka konprann kouman yon lòt moun wè yon sitiyasyon menmsi mwen wè sitiyasyon an yon lòt jan.
18. Mwen panse a lavni mwen ak antouzyas epi kontantman.
19. Fason mwen etidye pou ekzamen trè efikas.
20. Mwen travay byen ak lòt elèv-yo.
21. Mwen rete kalm lè mwen kontre ak yon pwoblèm ki difisil pou rezoud.
22. Mwen fè atansyon anpil jan mwen aji lè mwen fache oswa boulvèse.
23. Mwen renmen tèt mwen sa mwen ye antanke moun.
24. Mwen gen yon lide trè klè sa mwen dwe fè pou reyisi nan tout klas mwen.
25. Lè m'ap travay an gwoup oswa ann ekip mwen antann mwen ak tout moun.
26. Kamarad klas mwen toujou di mwen ka pran bon desizyon.
27. Mwen ka fokis (konsantre) nan klas pandan yon bon bout tan.
28. Mwen kwè nan tèt mwen mwen ka fè fas a pwoblèm nan lavi mwen.
29. Mwen fè atansyon a tout ti detay nan devwa mwen.
30. M mande padon si mwen fè yon moun mal.
31. Mwen ede moun ki mande mwen ede-yo ak yon bagay nan lekòl-la.
32. Mwen vreman dezole, pou moun ki tris oswa pa kontan ak yon sitiyasyon.
33. Mwen konpòte mwen byen lekòl.
34. Mwen reziste anba presyon lòt kamarad mwen.
35. Mwen motive anpil pou m aprann nan tout klas mwen nan mezi mwen kapab.
36. Mwen mande éd lè mwen bezwen éd.



37. Lekòl, mwen ka travay byen si mwen mete tèt mwen anplas.
38. Lè mwen santi mwen tris oswa fache, mwen konprann rezon ki fè m santi mwen konsa.
39. Santiman zanmi mwen ka ban-mwen anpil enkyetid.
40. Mwen reflechi pou wè si yon konpòtman san danje anvan mwen deside adopte konpòtman an.
41. M fè efò pou mwen pa pran menm move desizyon de fwa.
42. Paran mwen ka konte sou mwen pou m pran bon desizyon.
43. Si de zanmi m nan fè diskisyon, mwen va eseye rete diskisyon.
44. Mwen konn jan pou konpòte mwen nan pifò sitiyasyon.
45. Mwen ka kontwole emosyon mwen.